

Poukisa kesyon sa yo

Resansman 2020 an fasil. Kesyon yo senp.

Repons ak kesyon resansman yo ba nou yon apèsi sou nasyon an. Rezilta resansman an ap gen efè sou fason ou fè gouvènman an tande w, sou kantite kòb kominote w la ap resevwa ak sou fason kominote w la ap prepare avni li.

Lè w ranpli fòmilè resansman an ou kontribye nan :



Kalkile konbyen syèj eta w la ap genyen nan kongrè a.



Enfòmè sou fason gouvènman federal la distribiye plis pase 675 milya dola bay eta yo ak kominote yo chak ane.



Kreye travay, founi lojman, prepare pou ijans, bati lekòl, wout ak lopital.

Resansman 2020 an pral mande enfòmasyon ki annapre yo:

Kantite moun k ap viv nan adrès la

Jou resansman an, premye avril 2020, n ap poze kesyon sa pou nou konnen konbyen moun egzakteman ki rete nan yon kay. Chak dis lane, rezilta resansman an pèmèt nou detèmine konbyen reprezantan chak eta ap genyen nan Kongrè a. Otorite eta yo ak otorite lokal yo itilize rezilta resansman an pou yo retrace fwontyè distri yo, tankou distri kongrè a, distri lejislatif eta yo ak distri lekòl yo.

Nenpòt moun anplis k ap viv yon kote oswa ki rete la

Objektif nou se konte chak moun yon fwa, yon sèl fwa epi kote yo dwe konte l la selon kote l ap viv nan jou resansman an. Avèk objektif sa a nan lespri nou, nou poze kesyon sa a pou nou asire nou yo konte chak grenn moun k ap viv nan yon kay.

Pwopriyetè/Lokatè

Nou poze kesyon si se nan lwaye ou ye oubyen si se pwopriyetè ou ye pou nou ka kreye done estatistik sou kay moun genyen ak kay ki lwe. Pwopòsyon kay moun posede sèvi kòm yon endikatè ekonomi peyi a, li ede nou jere pwogram lojman epi pran bon pozisyon.

Nimewo telefòn

Nou mande w nimewo telefòn ou sizoka nou ta bezwen kontakte w. Nou pa p janm pataje nimewo telefòn ou epi n ap kontakte w sèlman pou koz ki anrapò ak Biwo Resansman an, si sa nesesè.

2020CENSUS.GOV/ht

D-FS-BL-HC-092

**Prepare
Avni W
KÒMANSE ISIT LA >**

United States®
**Census
2020**

Non

Nou mande w non w pou nou asire nou tout moun nan kay la konte. Sa ede nou tou nan konsève enfòmasyon sou zansèt yo. Drese lis non chak grenn moun nan fwaye a pèmèt moun k ap reponn nan verifye si li deklare tout moun, espesyalman nan fwaye ki gen anpil moun kote moun k ap reponn nan kapab bliye kiyès li konte deja ak kiyès li poko konte.

Sèks

Nou mande sèks moun yo pou nou ka kreye done estatistik sou kantite gason ak fi. Gouvènman an itilize done sou sèks moun yo nan planifikasyon pwogram finansman, epi tou pou evalye lòt politik ak lòt pwogram gouvènman an yon fason pou yo asire yo sèvi bezwen tout gason ak tout fi nan bon manyè san patipri. Nou itilize estatistik sa yo tou pou nou fè aplike lalwa, règleman ak politik kont diskriminasyon nan pwogram gouvènman an ak nan sosyete a.

Laj ou ak dat ou fèt

Nou mande pou laj ou ak lè ou fèt pou nou konprann dimansyon ak karakteristik chak gwoup moun selon laj yo nan sosyete a epi tou pou nou prezante lòt done selon chak gwoup laj. Ajans lokal yo, ajans eta yo, ajans tribal ak ajans federal yo sèvi ak done sou laj moun pou yo planifye epi pou yo finanse pwogram gouvènman an ki bay asistans oswa sèvis pou kèk gwoup espesyal tankou timoun, granmoun ki nan laj pou yo travay, fanm ki nan laj pou yo fè pitit oubyen ti granmoun. Nou itilize estatistik sa yo tou pou nou fè aplike lalwa, règleman ak politik kont diskriminasyon nan pwogram gouvènman an ak nan sosyete a.

Orijin Ispanik, Latino, oswa Panyòl

Nou mande moun si yo gen orijin ispanik, laten, oswa espanyòl pou nou ka kreye estatistik sou gwoup etnik sa yo. Ajans Federal yo bezwen done nou kolekte atravè kesyon sa a pou yo wè si yo respekte dispozisyon ki pran kont diskriminasyon, tankou Lwa sou Dwa pou Moun Vote ak Lwa sou Dwa Sivil.

Ras

Nou mande moun yo ki ras yo pou nou ka kreye estatistik sou kesyon ras epi tou pou nou prezante lòt estatistik pa gwoup ras. Ajans Federal yo bezwen done nou kolekte atravè kesyon sa a pou yo wè si yo respekte dispozisyon ki pran kont diskriminasyon, tankou Lwa sou Dwa pou Moun Vote ak Lwa sou Dwa Sivil.

Menmsi yon moun abite oswa rete yon lòt kote

Objektif nou se konte chak moun yon fwa, yon sèl fwa epi kote yo dwe konte l la selon kote l ap viv nan jou resansman an. Avèk objektif sa a nan lespri nou, nou poze kesyon sa a pou nou asire nou yon menm moun pa antre nan plizyè adrès.

Relasyon

Nou poze kesyon sou relasyon chak moun nan fwaye a ak yon moun prensipal pou nou ka fè yon pwojeksyon sou fanmi yo, fwaye yo ak lòt gwoup. Nou itilize done sou relasyon moun yo gen antre yo nan planifikasyon ak finansman pwogram gouvènman an ki founi fon oswa sèvis bay fanmi yo, moun k ap viv poukont yo oswa k ap leve pitit yo pou kont yo, granparan k ap viv ak pitit pitit yo, oswa lòt fwaye ki kalifye pou èd anplis.

Pou plis enfòmasyon, vizite:

2020CENSUS.GOV/ht

D-FS-BL-HC-092

**Prepare
Avni W
KÒMANSE ISIT LA >**

United States®
**Census
2020**